МКОУ «Стальская гимназия»

| Рассмотрено : | Утверждаю : |
| --- | --- |
| Зам. директора по НМР | Директор МКОУ «Стальская гимназия» |
| Гимбатова М.Д. | Гаджимагомедов М.Я. |
| « 29 » 08.2023 | «29 » 08. 2023 |

МКОУ "СТАЛЬСКАЯ ГИМНАЗИЯ"

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

## по родному (аварскому) языку

## 7 класс (68 ч)

Учитель- Гусейнова Г.О.

2023-2024 учебный год

...Школалъул ц1акъго к1вар бугеб масъалалъун ккола г1ун бач1унеб г1елалъе щулияб ва гъваридао лъайкьей, гьезулъ гьеб лъай практикаялда х1алт1изабизе бажари ва ругьунлъи лъугьинаби, дунялалдехун материалистияб бербалагьи бижизаби.

Авар литературияб мац1алъул кьуч1 ккола болмац1, амма литературияб мац1 бечелъизе к1вар бугеб маг1данльун ккола киналго диалектал ва наречиял. Цогидал мац1азго г1адин, авар мац1алъги г1аммаб куцалда т1олго маг1арулазул рух1ияб бечелъи жанибе бачуна.

Ахираб заманалда г1исинал миллатазул мац1ал церет1еялде ц1ик1к1араб к1вар кьолеб буго. Гьел миллатазул рук1а-рахъин цебет1еялдаго цадахъ, гьезул мац1алги бечелъула, церет1ола ва хадубккунги гьел церет1езаризе руго.

Школалда авар ма1 мальиялда цереч1арал масъалаби.

Авар ма1 школалда лъазабиялда цереч1арал масъалабилъун ккола: ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби, пасих1го ц1али камиллъизаби ва каламалъул культура борхизаби.

Школалда авар мац1 малъиялъул мурад буго: ц1алдохъабазе фонетикаялъе, лексикаялъул, раг1и лъугьинальул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистакаялъул х1акъалъулъ лъайщвей, жамг1ияб г1умруялда жаниб гьелъул к1варалъул х1акъалъулъ баянал кьей, бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул иш камиллъизари, лъималазул раг1ул нахърател бечелъизаби.

Авар мац1алъул материал гьадин бикьун буго: V, V1 ва VII классазда малъула фонетика, лексика, раг1и лъугьин, морфология ва бит1унхъвай. Синтаксис лъазабула VIII - IX классазда. Амма синтаксисалъул ва лъалхъул ишарабазул х1акъалъулъ бищун г1адатал (авалиял) баянал V классалдаго кьола, морфологияб курс синтаксисалъул кьуч1алда лъазабизе, калам цебет1езабиялъул ва пунктуациялъул х1алт1аби гьаризе рес бук1ине. Гьел церехун рехсарал рахъазул х1исабги гьабун, программаялда материал линейно-ступенчатый принципалда рекъон кьун буго. Гьединаб принципги кьоч1ое босун, «лексика», «раг1и льугьин», «предметияб ц1ар» г1адал темаби V ва VI классазда, «глагол» V, VI ва VII классазда кьун руго. «Бит1араб ва хъвалсараб калам» абураб тема V ва IX классазда малъулеб буго. Хут1арал темаби цадахъго малъизе рихьизарун руго. Такрарлъулел темаби хадусел классазда малъула гъваридго ва г1ат1идго. Гьединго программаялда дандч1вала байбихьул классазда лъималаз лъай- хъвай гьабурал темабиги. Гьединал темаби г1ат1идго малъизе ккола.

Программаялда т1олабго материал кьун буго лъималазул г1елазул хаслъабиги х1исабалде росун .
Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби ва гьел пасих!го ц!ализе ругьун гьари.

Школалда авар мац1 малъиялъ ц1алдохъабазул логикияб пикру ва калам цебет1езабула.
Калам цебет1езабиялъе цоцада хурхараб лъабго нух буго.
Калам цебет1еялъул т1оцебесеб нух буго авар мац1алъул дарсазда лъималазул раг1ул нахърател бечед гьаби.

Авар мац1алъул дарсазда лъималазул раг1ул нахърател бечед гьабула бат1и-бат1иял словариял х1алт1абаздалъун, учебникалда ругел ругьунлъиялъул х1алт1абазул текстаздалъун, к1алзул ва хъвавул изложенияздалъун, сочинениязда лъун.

Ц1алдохъабазулгун словарияб х1алт1и гьабулелъул, гьел, жалго жидедаго ч1ун, рич1ч1уларел раг1аби ратизе, гьезул магТна учителасда гьикъизе ругьун гьари, словараздаса бит1ун пайда босизе лъай - бищунго к1вар бугел х1алт1абилъун ккола.

Калам цебет1езабиялъул к1иабилеб нух буго авар литературияб мац1алъул раг1аби лъугьиналъул, гьел дандраялъул, предложениял г1уц1иялъул, бит1ун ц1алиялъул ва гь. ц. нормаби лъай. Гьеб рахъалъ программаялда (жиб-жиб темаялъул к!иабилеб пункталда гъоркь) ч1ванкъог1ун бихьизабун буго щибаб классалда лъималазе щвезе кколеб лъайги лъугьине кколеб бажариги.

Калам цебет1езабиялъул лъабабилеб нухги буго авар мац1альул дарсазда бат1и-бат1ияб темаялъул ва жанралъул материалазда т1асан ц!алдохъаби к1алъазе ругьун гьари.

Калам г1уц1изе ц!алдохъаби ругьун гьариялъе лъик1алан заманги бихьизабун буго. (Авар мац1алъе рихьизарурал саг1тазул щуго бут1а гьабун цо бут1а). Калам г1уц1изе ругьун гьари ц1ик1к1араб к!вар бугеб иш бугелъул. гьелъие мац1алъул программаялда жиб-жиб классалъе бат1аго темабиги кьун руго.

Ц1алдохъанасда лъазе ккола тексталда т1ад х1алт1изе, гьелъул аслияб пикру батизе, къокъаб ва г1ат1идаб план г!уц1изе, гьелда рекъон материал тартибалдеги ккезабун, (бицунги хъванги) изложение т1обит1изе.

Авар мац1алъул дарсазда к1вар кьезе ккола ц!алдохъабазул к1алзул монологияб калам камиллъизабиялде. Гьелъие г!оло ц1алдохъаби т1амизе ккола бат1и-бат1иял темабазда т1асан **к1**алъазе.

Т1олабго лъаг1алида жанир гьарурал х1алт1абаздалъунги, изложенияздалъунги, сочинениязда лъунги ц1алдохъабазулъ бит1араб к1алзул ва хъвавул калам г1уц1иялъул бажари лъугьине буго.

Изложениязе текстал ва сочинениязе темаби т1аса рищулеб мехалъ, гьел тарбия кьеялъул ва г1елмияб рахъалъан дандекколел рук1ине ккола.

Ц1алдохъабазул калам цебег1езабиялъе бихьизабураб лъабабго нухалъ гьезул каламалъулъ дандч!валел г1унгут1аби ва гъалат1ал т1аг1инаризе квербакъула.

Ц1алдохъабазул калам цебет1езабиялда бухьараб буго пасих!го ц!ализе лъазабиялъул ишги.

Пасих1го ц1алиялъул ругьунлъаби камиллъизаризе художествиял текстал (хабар, маргъа, кеч1) росула.

Пасих1го ц!ализе лъимал ругьун гьариялъе синтаксис лъаялъулги к1удияб к1вар буго. Гьелъ рес кьола калам камил гьабизе ва цебет1езабизе.

Бит1унхъваялъул рахъалъ бажари борхизабула, бат1и-бат1иял тайпаялъул (г1инзулаб, берзулаб, кант1изариялъулаб, баян гьабиялъулаб, творческияб г1адал) диктантал гьарун.

Школалда ц1алдохъабаз аслияб куцалда лъазабула литературияб мац!. Гьединлъидал щулияб бухьен бук!ине ккола адабияталъул курсалъулгун. Гьениб к1вар кьезе ккола художествиял асаразде. Гьелъ рес кьола мац!алъул цо-цо хаслъаби цереч1езаризе, раг1аби х1алт1изариялда, грамматикиял формабазда, бат1и-бат1иял синтаксисиял г1уц1абазда, тексталъул бут!абазул ва предложениязул бухьеналъул къаг1идабазда, калам х1алт1изабиялъул бат1и-батТиял рахъазда хурхарал суалал баян гьаризе.

К1удияб к1вар буго г1урус мац1алъулгун бухьен кквеялъулги. Гьелъги рес кьола к1иябго мац1алъул грамматикиял г!аммал ва хасал рахьал ч1езаризе, ай цого классалда гьеб к!иябго лъазабулелъул, гьезул дандекколелги кколарелги рахъазул х1исаб гьабун, дарскьей чара гьеч!еб методикияб къаг1идалъун ккола. Гьебго абизе бегьула школалда лъазабулеб къват1исеб пачалихъалъул мац!алъул х1акъалъулъги.

# 7

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Предложение | 1 | Такрар гьаби | 1. Предложениязул тайпаби рак1алде щвезари;<br>2. Цебеккун малъараб материал такрар гьаби;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 47<br>х1. 4<br>гьум. 138 |
| 2 | Раг1и лъугьин | 1 | Такрар гьаби | 1. Раг1и лъугьиналъул аслияб къаг1идаби рак1алде щвезари;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 48<br>х1. 5<br>гьум. 139 |
| 3 | Морфология | 1 | Такрар гьаби | 1. Каламалъул бут1аби такрар гьари;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 49 |
| 4 | Бит1унхъвай. Раг1абазул диктант | 1 | Такрар гьаби | 1. Падежал такрар гьари;<br>2. Журарал раг1абазул бит1унхъвай рак1алде щвезаби;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | х1. 5<br>гьум. 142 |
| 5 | Глаголалъул авалияб форма-инфинитив | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Глаголалъе баян кьезе;<br>2. Инфинитивалъе баян кьезе;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 50<br>х1. 6<br>гьум. 145 |
| 6 | «Гьабизе» - кумекалъул глагол | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. «Гьабизе» - кумекалъул глаголалдаса бат1и-бат1иял формаби лъугьунел рук1ин бихьизаби;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 51<br>х1. 5<br>гьум. 147 |
| 7 | Контролияб диктант. Риидал рохьов | 1 | Х1асил гьаби | 1. Бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул даража борци;<br>2. Хъвавул калам цебет1езаби | Малъараб материал такрар гьаби |
| 8 | Журарал глаголал | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Журарал глаголазе баян кьезе;<br>2. Журарал глаголал бит1ун хъвазе ругьун гьари; | § 52<br>х1. 4 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | гьум. 148 |
| 9 | Составиял глаголал. Раг1абазул диктант | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Составияб глаголалъе баян кьезе;<br>2. Глаголазул заманаби такрар гьари;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 53<br>х1. 6<br>гьум. 150 |
| 10 | Гьанже заманалъул составиял глаголал | 1 | Ц1ияб материал малъи | 1. Гьанже заманалъул составиял глаголал лъугьунеб къаг1ида бихьизаби;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 54<br>х1. 5<br>гьум. 152 |
| 11 | Бач1унеб заманалъул составиял глаголал | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Бач1унеб заманалъул составиял глагол лъугьунеб къаг1ида бихьизаби;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 55<br>х1. 5<br>гьум. 154 |
| 12 | Араб заманалъул составиял глаголал | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Араб заманалъул составиял глаголал лъугьунеб къаг1ида бихьизаби<br>2. Араб заманалъул составиял глаголал лъугьинаризе ругьун гьари;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 56<br>х1. 5<br>гьум. 157 |
| 13 | Глаголалъул такрарлъиялъул форма | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Глаголалъул такрарлъиялъул формаби лъугьунел къаг1идабазул бицине;<br>2. Глаголалъул такрарлъиялъул формабигун предложениял ургъизе ругьун гьари | § 57<br>х1. 5<br>гьум. 159 |
| 14 | Сочинение. Хасалихълъи | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби;<br>2. Т1абиг1аталде бугеб рокьи жеги ц1ик1к1инаби | Малъараб материал такрар гьаби |
| 15 | Г1инзул глагол | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Г1инзул глаголалъе бич1ч1и кьезе;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 58<br>х1. 3<br>гьум. 161 |
| 16 | Глаголалъул наклонениял. Хабарияб наклонение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Наклонениялъул х1акъалъулъ бич1ч1и кьей;<br>2. Хабарияб наклонениялъул бицине;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 59<br>х1. 3<br>гьум. 165 (лъ.) |
| 17 | Т1алабияб наклонение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Т1алабияб наклонениялъе бич1ч1и кьезй;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 60<br>гьум. 166-169 |
| 18 | Т1алабияб наклонениялъул гьеч1олъиялъул форма | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Т1алабияб наклонениялъул гьеч1олъиялъул форма кин лъугьулебали бихьизаби;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 62<br>х1. 4<br>гьум. 172 |
| 19 | Т1алабияб наклонениялъул | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Т1алабияб наклонениялъул гьариялъул форма кин лъугьулебали бихьизаби; | § 62<br>х1. 5 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | гьариялъулаб форма | | | 2. Ц1алдохъаби гьариялъул форма каламалъулъ х1алт1изабизе ругьун гьари;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | гьум. 172 |
| 20 | Т1алабияб наклонениялъул гьесизариялъул форма | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Т1алабияб наклонениялъул гьесизариялъул форма лъугьунеб къаг1ида малъи;<br>2. Гьесизариялъулаб форма каламалъулъ х1алт1изабизе ц1алдохъаби ругьун гьари;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 63<br>х1. 4,<br>гьум. 174 |
| 21 | Калам цебет1езаби. Таращ | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби;<br>2. Жамилатилги Мурадилги гьунаралъе къимат кьезе ц1алдохъабазда лъай | Изложениялъе х1адуризе |
| 22 | Контролияб изложение. Таращ | 1 | Калам цебет1езаби | 1. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби; | Малъараб материал такрар гьаби |
| 23 | Шарт1ияб наклонение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Глаголазул кинал формабаздасан шарт1ияб наклонение лъугьунебали малъи;<br>2. Тексталъулъ шарт1иял наклониял ратизе ц1алдохъабазда лъай;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 64<br>х1. 2<br>гьум. 176 |
| 24 | Шарт1ияб наклонениялъул гьеч1олъиялъул форма | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Шарт1ияб наклонениялъул гьеч1олъиялъул формаялъул глаголал лъугьинаризе ругьун гьари;<br>2. Тексталъулъ шарт1иял наклониял ратизе ц1алдохъабазда лъай;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 65<br>гьум. 177-179 |
| 25 | Шарт1ияб наклонениялъул анищалъулаб форма | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Шарт1ияб наклонениялъул анищалъулаб форма лъугьинабизе ругьун гьари;<br>2. Текстазулъ гьел ратизе лъай;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 66<br>х1. 3<br>гьум. 180 |
| 26 | Суалияб наклонение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Суалияб наклониялъ щиб загьир гьабулебали малъизе;<br>2. Суалияб наклонениялъул глаголалгун предложениял г1уц1изе ругьун гьари;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 67<br>гьум. 181-182 |
| 27 | Глаголазул бит1унхъвай | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Глагол такрар гьаби;<br>2. Цо маг1на кьолел, г1ага-шагараб маг1на кьолел, составиял глаголазул бит1унхъвай ц1алдохъабазда малъи;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 68<br>х1. 2<br>гьум. 184 (лъ.) |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 28 | Глаголалъул разбор | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Глаголалъул х1акъалъулъ малъараб материал рак1алде щвезаби ва щула гьаби;<br>2. Морф. разборалъул тартиб малъи;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Суалал<br>гьум. 188-189 |
| 29 | Калам цебет1езаби. Нижер хъизан | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Ц1алдохъабазул хъизаналде рокьи ц1ик1к1инаби;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Сочинениялъе х1адуризе |
| 30 | Сочинение. Нижер хъизан | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Ц1алдохъабазул хъизаналде рокьи ц1ик1к1инаби;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Малъараб материал такрар гьаби |
| 31 | Наречие | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Наречиялъул х1акъалъулъ г1аммаб баян кьей;<br>2. Ц1алдохъаби тексталъулъ наречиял ратизе ва суал кьезе ругьун гьари;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 70<br>х1. 4<br>гьум. 191 |
| 32 | Наречиялъул разрядал | 1 | Ц1ияб дарс малъи | цебет1езаби | § 71<br>х1. 4<br>гьум. 194 |
| 33 | Наречие лъугьин | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Ц1алдохъабазул наречиял лъугьунел къаг1идабигун лъай-хъвай гьаби;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 72<br>х1. 4<br>гьум. 196 |
| 34 | Наречиялда жанир жинсиял г1аламатал | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Жинсиял глаголаздаса, ишараялъул ц1арубак1аздаса лъугьарал наречиязулъги, гьединго бак1алъул наречиязулъги жинсиял г1аламатал ц1уни бихьизаби;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 73<br>х1. 3<br>гьум. 199 |
| 35 | Ишалъул кагътал. Калам цебет1езаби | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Ц1алдохъабазул ишалъул кагътазулгун лъай-хъвай гьаби;<br>2. Г1арза хъвазе ругьун гьари;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Протокол хъвазе |
| 36 | Предметиял ц1аразул цо-цо падежияб форма наречиязде свери | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Предметиял ц1аразул цо-цо падежияб форма наречиязде сверулеб бук1ин бихьизаби;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби; | § 74<br>х1. 4<br>гьум. 200 |
| 37 | Наречиялъул бит1унхъвай | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Наречиязул бит1унхъваялъул бици;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 75<br>х1. 2<br>гьум. 201 |
| 38 | Наречиялъул разбор | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Цебеккун малъараб материал г1амлъизаби;<br>2. Разбор гьабулеб тартиб малъи; | § 76<br>Гьум. 202-203 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | |
| 39 | Контролияб диктант | 1 | Х1асил гьаби | 1. Наречиязул бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул рахъалъ ц1алдохъабазул лъай борци | Малъараб материал такрар гьаби |
| 40 | Союзал | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Кумекалъул к/б такрар гьари;<br>2. Сок1к1иналъул ва нахърилълъиналъул союзал рат1а гьаризе лъай;<br>3. Маг1на данде кколел союзал х1алт1изаризе лъай;<br>4. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 77<br>гьум. 204-205 |
| 41 | Союзал | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Сок1к1иналъул ва нахърилълъиналъул союзал х1алт1изаризе лъай;<br>2. Маг1на данде кколел союзал х1алт1изаризе лъай;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §77<br>х1. 3<br>гьум. 206 |
| 42 | Союзазул бит1унхъвай | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Союзазул бит1унхъвай малъи;<br>2. Союзалги гьоркьоре ккезарун, предложениял г1уц1изе ругьун гьари;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 78<br>х1. 1<br>гьум. 207 (лъ) |
| 43 | Союзазул бит1унхъвай | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Ц1алдохъабазул союзазул бит1унхъвай щиб даражаялда бугебали хал гьаби;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §77,78<br>х1. 4<br>гьум. 208 (лъ) |
| 44 | Частицаби | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Частицабазе к/б х1исабалда г1аммаб баян кьезе;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 79<br>х1. 3<br>гьум. 211 (лъ) |
| 45 | Частицабазул группаби | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Частицабазул группаби рат1а рахъизе малъи;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 80<br>х1. 4<br>гьум. 214 |
| 46 | Частицабазул бит1унхъвай | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Ц1алдохъаби частицаби бит1унхъвазе ругьун гьари;<br>2. Маг1наялъухъ балагьун, частицаби х1алт1изаризе лъай;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 81<br>х1. 3<br>гьум. 215 |
| 47 | Нижер росу. Калам цебет1езаби | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Рижараб росдаде (Ват1аналде) рокьи дагьабги ц1ик1к1инаби;<br>2. Росдал тарих, т1абиг1ат, г1адамал хиралъи, ц1уни, бокьи;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Сочинениялъе х1адури |
| 48 | Нижер росу. Сочинеие | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Рижараб росдаде (Ват1аналде) рокьи дагьабги ц1ик1к1инаби;<br>2. Росдал тарих, т1абиг1ат, г1адамал хиралъи, ц1уни, бокьи;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Малъараб материал такрар гьаби |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 49 | Хадурег1ел | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Хадурег1елазе г1аммаб баян кьезе;<br>2. Хадурег1елазулгун ц1алдохъабазул лъай-хъвай гьаби;<br>3. Хадурег1елаллъун х1алт1изарулел наречиял малъи;<br>4. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 82<br>х1. 4<br>гьум. 219 |
| 50 | Хадурег1ел | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Ц1алдохъабазул хадурег1елазул х1акъалъулъ лъай ц1ик1к1инаби<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 84<br>х1. 4<br>гьум. 220 |
| 51 | Хадурег1елазул бит1унхъвай | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Хадурег1елазул бит1унхъваялъул бици;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 83<br>х1. 4<br>гьум. 222 (къ) |
| 52 | Междометие | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Междометиязулгун ц1алдохъабазул лъай-хъвай гьабизе;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 84<br>3 предло - жение ургъизе |
| 53 | Междометиязул бит1унхъвай | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Междометиязул бит1унхъвай малъи;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 85<br>гьум. 223 |
| 54 | Междометиязул бит1унхъвай | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Междометиязул бит1унхъвай такрар гьаби;<br>2. Предложениязулъ междометиял ратизе ругьун гьари;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Х1. 3<br>гьум. 226 |
| 55 | Эркенаб диктант. Имам Шамил | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Имам Шамил-киназего мисал вук1ин ц1алдохъабазда бич1ч1и;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Малъараб такрар гьаби |
| 56 | Глагол. Глаголалъул заманаби | 1 | Такрар гьаби | 1. Глагол такрар гьаби;<br>2. Глаголалъул заманаби рат1а гьаризе лъай;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §50-56 т/гь. |
| 57 | Глаголалъул наклонениял | 1 | Такрар гьаби | 1. Глаголалъул наклонениял такрар гьари;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §59-67 т/гь. |
| 58 | Глаголазул бит1унхъвай | 1 | Такрар гьаби | 1. Глаголазул бит1унхъвай такрар гьаби;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §68 т/гь. |
| 59 | Наречие. Наречиялъул разрядал | 1 | Такрар гьаби | 1. Наречие такрар гьабизе;<br>2. Наречиялъул разрядал лъазе;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §70,71 |
| 60 | Наречиязул бит1унхъвай | 1 | Такрар гьаби | 1. Наречиязул бит1унхъвай такрар гьаби;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §75 т/гь. |
| 61 | Калам цебет1езаби. | 1 | Калам | 1. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Малъараб такрар |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | К1алзул изложение | | цебет1езаби | | гьаби |
| 62 | Союзал. Союзазул бит1унхъвай | 1 | Такрар гьаби | 1. Союзазул бит1унхъвай такрар гьаби;<br>2. Каламалъулъ союзал бит1ун х1алт1изаризе лъай;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §77,78 т/гь. |
| 63 | Частицаби. Частицабазул бит1унхъвай | 1 | Такрар гьаби | 1. Частицабазул бит1унхъвай такрар гьаьи;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §79-81 т/гь. |
| 64 | Хадурег1ел. Хадурег1елазул бит1унхъвай | 1 | Такрар гьаби | 1. Хадурег1елазул бит1унхъвай такрар гьаби;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §82,83 т/гь. |
| 65 | Междометие. Междометиязул бит1унхъвай | 1 | Такрар гьаби | 1. Междометиязул бит1унхъвай такрар гьаби;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §84 т/гь. |
| 66 | Контролияб диктант. Г1ужрукъалъ яс хвасар гьаюна | 1 | Х1асил гьаби | 1. Ц1алдохъабазул бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул даража борцине | Малъараб материал такрар гьаби |
| 67 | Т1абиг1аталде экскурсия. Дир Ват1ан | 1 | Экскурсия | 1. Т1абиг1аталде бугеб рокьи ц1ик1к1инаби;<br>2. Росдал г1адамазул г1умру, зах1мат, г1адатал, рокьи ва ц1уни;<br>3. К1алзул калам цебет1езаби | Сочинениялъе х1адуризе |
| 68 | Сочинение. Нижер росу | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Т1абиг1аталде бугеб рокьи ц1ик1к1инаби;<br>2. Росдал г1адамазул г1умру, зах1мат, г1адатал, рокьи ва ц1уни;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Малъараб материал такрар гьаби |
| 69 | Раг1и лъугьин | 1 | Такрар гьаби | 1. Раг1и лъугьунел къаг1идаби такрар гьари;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | |
| 70 | Х1асил гьабиялъул дарс | 1 | Х1асил гьаби | 1. 7 классалда малъараб материалалъул х1асил гьаби;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | |

**VII** классалда лъазарурал жалго жидедаго ч1арал ва кумекалъулал каламалъул бут1аби баян гьаризе;
глаголалъул баг1и-бат1иял формаби лъугьинаризе.

байбихьул классазда ва V, VI, VII классазда лъазабураб мац1алъул материалалда данде кколел орфограммаби баян гьаризе;
глаголал бит1ун хъвазе;
союзал, хадурег1ел ва частицаби бит1ун хъвазе.

междометиязда хадуб запятая, яги ах1ул ишара лъезе.

глаголал, наречиял (аск1об, цебе, гъорлъ ва гь. ц.) ва
частицаби, авар литературияб мац1алъул орфоэпия ц1унун, ц1ализе.

Г1адамасул сипат-сураталъулги х1алт1ул иналъулги описаниялъул элементал ругеб хабариб тексталъул г1ат1идгоги къокъгоги изложение хъвазе;
Г1адамасул х1алт1ул иналъул сурат цебеч1езабун, хъвазе; бихьизабураб сюжеталда рекъон, харбал хъвазе; жалго ц1алдохъабазул г1умруялда хурхарал, жидерго пикру бициналъулал сочинениял хъвазе.

МКОУ «Стальская гимназия»

Рассмотрено :

Зам. директора по УВР

Гимбатова М.Д.

« 29 » 08.2023

Утверждаю :

Директор МКОУ

«Стальская гимназия»

Гаджимагомедов М.Я.

«29 » 08. 2023

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

## по родной (аварской) литературе
## 7 класс (34ч)

Учитель- Гусейнова Г.О.

2023-2024 учебный год

Художествияб адабияталъ к1удияб кумек гьабула кинабго рахъ камилав инсан куцазе, г1агараб халкъалъул рух1ияб бечелъиялъул кьуч1алда г1олилазе тарбия кьезе.
Гьединлъидал школалда малъизе т1аса рищун руго ц1алдохъабазе мустах1икъал, маг1наялъул ва мац1алъул рахъалъ щвалде щварал авар литератураялъул ва вацлъиялъул миллатазул цо-цо асарал. Гьезда т1ад х1алт1улаго, лъималазда лъазе ккола художествиял асаразул анализ гьабизе, гьезие бит1араб къимат кьезе ва адабияб теориялъул к1вар бугел баяназдаса пайда босизе, гьелдаго цадахъ гьезие рагьизе ккола художествияб каламалъул пасих1лъи ва гъварилъи. Раг1ул устарлъиялъул асарал малъи ккола адабияб курсалъул аслияб рахълъун.
Малъиялъул мурадлъун ккола раг1ул устарлъиялда лъимал хадур гъезари, камилал художествиял асаразда гъорлъе раккизе ругьун гьари, пасих1аб сипатияб каламалъул тату лъаялде гьел рачин, гьелъул кьуч1алда асаразулъ рихьизарурал обществиял гьоркьорлъабаздалъун, г1адамазул г1амал-хасиятаздалъун авторасе абизе ва бихьизабизе бокьараб аслияб пикру рагьиялде ва бич1ч1иялде рач1ин.
Адабияб курсалда жаниб хасаб бак1 ккола ват1ан хиралъиялъул, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи кквеялъул, дунялалъулго зах1матхалкъалъул мурадал ц1униялъул асар ц1алдохъабалъ куцаялъ.
Адабияталъул дарсаз лъимал т1амула миллатазул адаб-х1урмат гьабизе, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи, вацлъи бищун къиматаб бечелъи х1исабалда къабул гьабизе. Гьеб мурадалъе г1оло ц1алдохъабаз лъай-хъвай гьабула цогидал миллатазул литератураялдаса авар мац1алде руссинарурал лъик1ал асаразулгун.
Лъайгун тарбия кьеялъул масъалабиги, ц1алдохъабазул г1елалъулаб х1албихьиги х1исабалде босун, авар мац1алда литератураялъул курс г1уц1ун буго к1иго бут1аялдасан: т1оцебесеб V-IX классазда литературияб ц1али, к1иабилеб — дагъистаналъул литератураялъул курс.
V-IX классазе ц1алул материал кьун буго тарихиябгун-тематикияб ва жанразул тартибги ц1унун. Гьениб х1исабалде босула байбихьул классазда ц1алул дарсазда лъималазе щвараб х1албихьи ва гьениб лъураб кьуч1алда г1уц1ула хадубккун литературияб ц1али.
V-IX классазда малъизе программаялда рихьизарун руго лъайгун тарбия кьеялъе лъик1ал ресал ругел, рич1ч1изе бигьаял, художествияб рахъалъ щвалде щварал халкъияб к1алзул гьунаралъул, авар адабиятальул ва вацлъиялъул миллатазул хъвадарухъабазул т1аса рищарал асарал.

Гьаб программаялъул аслияб т1алаб: литератураялде лъималазул рокьи ц1ик1к1инаби; чвахун ва пасих1го ц1алиялъул бажари камиллъизаби; малъулел асаразул гьварилъуде раккизе ва аслияб пикруялда (идеялда) хадур гьезе к1везелъун, анализалъе авалияб роцада лъимал ругьун гьари, т1ахьал ц1ализе гьира-шавкъ бижизаби.

V-IX классазе т1аса рищарал асараз рес кьола ц1алдохъабазул г1умруялъул х1албихьи бечед гьабизе, сипатияб каламалъул лазат босизе лъималазда малъизе, гьезулъ рух1ияб сахаватлъи куцазе, г1умруялда дандч1валел г1емерал лъугьа-бахъиназе бит1араб къимат кьезе ругьун гьаризе.

Щибаб классалъул курс г1уц1ун буго тарихиябгун тематикияб тартибги ц1унун. Гьелъ рес кьола лъималазул лъай г1амлъизабизе, литературиял асаразда кколел лъугьа-бахъинал ч1ванкъот1араб тарихияб заманалда хурхарал рук1ин ц1алдохъабазда бич1ч1изабизе, ва гьезда бихьизабизе гьел асаразда жаниб бат1и-бат1ияб тарихияб заманалъул г1адамазул г1умруги г1амал-хасиятги ва рук1а-рахъинги гвангъун цебеч1езабун бук1ин; гьелдаго цадахъ лъималазе рагьула жакъасеб къоялдаги гьел малъулел асаразул бугеб к1вар: гьанжесеб г1умруялъе бит1араб къимат кьун бажаруларо, аралда данде кквеч1ого.

34 саг1ат ,1 саг1ат анкьида жаниб

**Авар адабият 7 классс**

| № п/п | Дарсил тема | Саг1тазул къадар | Планалъулаб къо-моц1 | Х1ужжаялъулаб къо-моц1 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Инсан ва гьесул къисмат – художествияб литератураялъул аслияб тема | 1 | | |
| 2 | Х1ожоги Гуржиявги | 1 | | |
| 3 | Х1ожолги Гуржиясулги образал | 1 | | |
| 4 | Бокьуларо, эбел, рии бач1ине. Художествияб асаралъул г1уц1иялъул х1акъалъулъ авалияб баян | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 5 | Ц1адаса Х1амзат. Дибирги г1анхвараги | 1 | | |
| 6 | Ашбазалде гьабураб. Сатираялъул х1акъалъулъ авалияб баян. Авар литератураялда Х1амзатица сатира цебет1езаби | 1 | | |
| 7 | Класстун къват1исеб ц1али. Ц1. Х1амзат. Дир г1умру | 1 | | |
| 8 | Советияб литература. М. Хуршилов. Надир-шагь щущахъ вихизави | 1 | | |
| 9 | Г1андалал. Анализ | 1 | | |
| 10 | Г1андалал асаралъул х1асил гьаби. Эпос, лирика, драма. | 1 | | |
| 11 | Калам цебет1езаби. Сочинение. Меседилаб хасалихълъи | 1 | | |
| 12 | Адабияталъул аслияб тайпабазул х1акъалъулъ авалияб баян. М. Сулиманов. Васигат. | 1 | | |
| 13 | Поэмаялъул х1акъалъулъ баян | 1 | | |
| 14 | Э. Капиев. Жиндирго х1акъалъулъ Сулейманил хабар | 1 | | |
| 15 | Художествияб асаралъул композиция | 1 | | |
| 16 | А. Мух1амаев. Маг1арулай | 1 | | |
| 17 | Мух1аммад Шамхалов. Тамашаяв гьобол | 1 | | |
| 18 | Класстун къват1исаб ц1али. Циги т1инч1ги | 1 | | |
| 19 | Расул Х1амзатовасул г1умру ва хъвадарухъанлъи. Эбелалъ дир кинидахъ | 1 | | |
| 20 | Маг1арулал. Дагъистаналъул рохьал | 1 | | |
| 21 | Шиг1руяб ва хабарияб каламалъул х1акъалъулъ баян г1ат1ид гьаби | 1 | | |
| 22 | Калам цебет1езаби. Расулил куч1дул ц1али | 1 | | |
| 23 | М. Мух1амадов. Инсул гьалбал | 1 | | |
| 24 | Инсул гьалбал. Анализ. Образалъул х1акъалъулъ авалияб маг1на | 1 | | |
| 25 | Фазу Г1алиевалъул г1умру ва хъвадарухъанлъи. Маг1арулазул | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | нус | | | |
| 26 | Маг1арулазул нус. Поэмаялъул х1акъалъулъ баян г1ат1ид гьаби | 1 | | |
| 27 | Калам цебет1езаби. Имам Шамил | 1 | | |
| 28 | Таймасханов Тажудин. Ях1. Къияс Мажидов. Муг1рузул ц1умазе хвел бук1унадай | 1 | | |
| 29 | Багьавдин Митаров. Бице гьудулзаби. Г1алирза Саг1идов. Г1аздалал т1агърал. Рач1а, гьудулзаби! | 1 | | |
| 30 | Калам цебет1езаби. Сочинение. Дир гьудул | 1 | | |
| 31 | М.-Р. Расулов Эбелалъул рах1му | 1 | | |
| 32 | А. Гъафуров. Квешалъе квешлъи | 1 | | |
| 33 | Класстун къват1исеб ц1али. Фазу Г1алиева. 18 их | 1 | | |
| 34 | Х1асил гьаби | 1 | | |

-лъазарурал асаразул ва гьезул авторазул ц1арал, ц1аразул маг1на;
-лъазарурал хабариял асаразул багьадуралги гьез г1ахьаллъи гьабулел ишазул т1елги;
-лъазабураб асаралъул г1уц1иялъул хасал рахъал;
-
-рек1ехъе лъазаризе программаялда рихьизарурал текстал.

**I**

-хъвадарухъанас г1уц1арал сипатиял лъугьа-бахъинал пикрудалъ гвангъун цереч1езари;
-багьадурасул г1амал-хасият рагьизе х1ажатал лъугьа-бахъинал лъазабулеб асаралдаса т1асарищизе;
-пикруябгун художественияб рахъ рагьизе сипатиял раг1абазул бугеб к1вар батизе;
-муг1алимас кьураб логикияб суалалда рекъон, асаралъул багьадурасул г1амал-хасият рагьизе;
-лъазабулеб бугеб асаралъул к1иго багьадурги дандеккун, гьездехун авторасул бугеб бербалагьи загьир гьабизе.

**II**

-минуталда жаниб 110-120 раг1и кколеб хехлъиялда рич1ч1изе бигьаял,
- г1елмиял ва художествениял текстал рит1ун, дурун, раг1ун, ц1ализе;
-художествиял асарал пасих1го ц1ализе;
-хабарияб асар изложение х1исабалда бицинеги хъвазеги;
-хабарияб асаралъул, яги гьелъул цо бут1аялъул план бахъизе;
-ц1алдохъанасул жиндирго к1алъаялъе план г1уц1изе;
-багьадураздехун, гьезул ишаздехун бухьараб ва цогидал искусствоялъул асаразе къимат кьезе (бицунги хъванги).